

Fòmilè Siveyans sou Sante Moun kap Vwayaje pou Kite Ayiti

Konsantman Vèbal

Bonjou, èske w gen 18 lane oswa w pi gran? Si repons lan se wi, ale nan #1 oswa si repons lan se Non, ale nan #2.

1. Si repons lan se Wi: Mwen se yon reprezantan Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Ozetazini e nap mande moun kap vwayaje pou kite Ayiti, pou yo reponn apeprè 10 kesyon. Enfòmasyon sa a pral ede depatman sante leta ak depatman sante lokal Ozetazini pou yo byen prepare defason pou yo ka reponn a bezwen medikal moun kap vwayaje pou kite Ayiti yo ka genyen. Ou pa oblije reponn kesyon sa yo, se sèlman si w vle, nou pa bezwen konn non w, e ou ka deside sispann reponn kesyon yo a nenpòt ki moman. Èske w aksepte patisipe nan siveyans sila a?

- Si repons lan se Non: Mèsi dèske w pran tan w pou reponn nou. Tanpri, pran Avètisman sou Danje ki ka Prezante Onivo Sante Moun Kap Vwayaje (Travelers' Health Alert Notice) sa a pou w sa jwenn plis enfòmasyon sou lasante.
- Si repons lan se Wi, poze kesyon yo.

2. Si repons lan se Non: Èske wap vwayaje avèk yon granmoun epi èske nou ka pale avèk li?

- Si repons lan se Wi, pale avèk granmoun ki se responsab legal yo idantifye a: Mwen se yon reprezantan Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi Ozetazini e nap mande moun kap vwayaje pou kite Ayiti, pou yo reponn apeprè 10 kesyon. Nou ta renmen pran enfòmasyon sou timoun ansanm avèk granmoun. Enfòmasyon sa a pral ede depatman sante leta ak depatman sante lokal Ozetazini pou yo byen prepare defason pou yo ka reponn a bezwen medikal moun kap vwayaje pou kite Ayiti yo ka genyen. Ou pa oblije reponn kesyon sa yo, se sèlman si w vle, nou pa bezwen konn non w ni non pitit ou, e ou ka deside sispann reponn kesyon yo a nenpòt ki moman. Èske w aksepte patisipe pou reponn kesyon sa yo sou sante pitit ou?
 - Si repons lan se Wi, poze kesyon yo men fè deklarasyon sa a anvan: Nap mande w reponn kesyon sa yo pou pitit ou. Kidonk, kesyon sa yo konsène sante pitit ou.
 - Si repons lan se Non: Mèsi dèske w pran tan w pou reponn nou. Tanpri, pran Avètisman sou Danje ki ka Prezante Onivo Sante Moun Kap Vwayaje (Travelers' Health Alert Notice) sa a pou w sa jwenn plis enfòmasyon sou lasante. (Yap bay paran oswa adilt ki se responsab legal la youn)
- Si repons lan se Non (adilt ki se responsab legal la prezan), voye timoun lan jwenn yon otorite ki sou plas.

Fòmilè Siveyans sou Sante Moun ki Rive nan Peyi a e ki Soti Ayiti

Dat jodiya (ane-mwa-jou): 2010 / / **Nimewo Dosye** _____ **Non Ayewopò a:** _____

Sèks <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi	Laj	Destinasyon Final (Vil ak Eta)
Peyi kote w fèt	Ki kote w te abite pandan ane ki sot pase a? (Si se Ayiti, nan ki Depatman?)	
Kesyon sou Lasante:		
1. Èske w santi ou bezwen al kay yon doktè oswa nan yon lopital kounye a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
2. Akoz tranblemanntè a, èske w gen yon domaj fizik ki grav?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
3. Èske w te gen lafyèyè nan jou ki sot pase a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
4. Èske w gen difikilte pou respire?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
5. Èske wap touse?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
a. Si repons lan se wi, èske gen pliske 3 semenn depi wap touse?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
6. Èske w gen vomisman oswa dyare (3 oswa plis pou pou dlo pa jou)?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
7. Depi tranblemanntè a, èske te gen marengwen ki te mòde w anpil?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
8. Èske w pran medikaman regilyèman?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
a. Si repons lan se wi, èske w gen ase medikaman ki pou ba w 3 jou?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
9. Si w se yon fi, èske w ansent aktyèlman?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
a. Si repons lan se wi, èske w gen nenpòt pwoblèm medikal ki gen rapò ak gwosès ou a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
10. Kote w prale a, èske w konn yon moun ki pre w e ke w panse ou ka pale ak moun sa a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
11. Kote w prale a, èske w pral gen anpil sipò kap disponib si w bezwen?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen
12. Èske w konn kèk kote w ka jwenn èd anplis si w bezwen pale sou tranblemanntè a?	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
Dispozisyon/Obsèvasyon (Se anplwaye CDC a ki pou ranpli seksyon sa a)		
Bezwen plis swen medikal? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen		
Si repons lan se wi:		
A. <input type="checkbox"/> Anbilans <input type="checkbox"/> Klinik lokal <input type="checkbox"/> Swen Sante lè l rive nan destinasyon final la <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen		
B. <input type="checkbox"/> Medikal <input type="checkbox"/> Chirijikal <input type="checkbox"/> Sante Mantal <input type="checkbox"/> Mwen pa konnen		
Kòmantè (Seksyon sa a se pou administrasyon an sèlman)		

Fòmilè pou Pwentay ki Baze sou Obsèvasyon Rapid

Dat: ___/___/___

Non Lokal la: _____

Kantite total pasaje ki rive: _____

Enstriksyon: Pou chak moun, fè yon mak an tibaton bò kote karakteristik oswa kondisyon ki koresponn nan. Yon grenn moun ka gen pliske yon kondisyon ki tcheke.		
	Pwentay (///)	Total (#)
Karakteristik		
Laj <5 lane (mwenske 5 lane)		
Laj 65+ (65 lane oswa pi gran)		
Gason		
Fi		
Si se yon Fi, Ansent		
Obsèvasyon (Mete yon tibaton si repons lan se wi.)		
1. Domaj fizik ki evidan		
2. Li pa ka mache		
3. Li dezoryante		
4. Li gen frison oswa latranblad		
5. Li gen difikilte pou l respire		
6. Lap touse		
7. Lap senyen		
8. Po a oswa zye yo yon koulè jòn		
9. Refere l pou l al suiv lòt swen sante		

Definisyon Tèm yo:

Domaj fizik ki evidan: Ekstremite siperyè (pa anwo) oswa enferyè (pa anba) ki fiks oswa ke yo fèk anpite, evidans yon manm ki kase, chiriji resan (si li vizib), evidans dechiri fasyal (nan figi), pansman. Li gen ladan l tou nenpòt evidans sou briil, domaj chòk nan sèvo, oswa konpresyon epin dòsal.

Li pa ka mache: Li pa ka mache poukont li oswa san asistans oswa li mache yon fason ki pa dwat.

Li dezoryante: Li sanble li gen konfizyon oswa li difisil pou l eksite. Evidans sou lapawòl ki pa òganize oswa ki gen efè ki pa apwopriye (ki pa an pwopòsyon avèk lòt moun ki nan sondaj la).

Li gen frison oswa latranblad: Evidans sou latranblad oswa frison lè moun nan kanpe san bouje. Latranblad la pa yon latranblad esansyèl (latranblad ki prezante lantman e ki asosye avèk laj).

Li gen difikilte pou l respire: Li gen ral, lap toufe, nivo respirasyon l rapid (apeprè 1 souf achak 2 segonn). Pou timoun, yo sèvi ak misk akseswa yo (misk kou oswa misk nan zo kòt yo) pou respire.

Lap touse: Lap touse san rete pandan peryòd rankont lan.

Lap senyen: Senyman evidan nan jansiv, nan nen, nan anba zong dwèt oswa lòt kote. Li ka vini avèk mètri tankou tou li ka pa vini avèk mètri.

Po a oswa zye yo yon koulè jòn: Lajonis parèt sou po a epi li gen yon koulè jòn, pati blan zye a gen yon koulè jòn oswa plamen yo jòn.

Refere l pou l al suiv lòt swen sante: Sa vle di yo te voye moun nan imedyatman nan etablisman swen dijans ki disponib nan ayewopò a oswa nan yon lopital.